



Pou Piblikasyon Imedya: 19/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN POU PAK MAREN LAK ONTARIO SOU REZILYANS KONT INONDASYON

*Pwojè 2.67 milyon dola a nan Bè Irondequoit nan kad Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik Lak Ontario Gouvènè a*

*Lansman Bato enpòtan pou sekirite piblik, touris*

*Amelyorasyon nan egou dlo lapli yo nan Culver Road pral pwoteje wout lokal yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon nouvo pwojè pou amelyore rezilyans kont inondasyon nan Pak Maren Eta Bè Irondequoit (Irondequoit Bay State Marine Park) nan konte Monroe. Pwojè 2.67 milyon dola a, ki fè pati Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Lak Ontario Gouvènè a pral repare domaj inondasyon an 2017 ak an 2019 te lakòz epi elve lansman bato a, waf ak espas paking lan dekwa pou yo kapab kontinye opere pandan moman dlo wo yo.

"Kòm efè chanjman klimatik global la vini pi plis dominan isit la lakay, li esansyèl pou nou investi nan kominote rezilyan yo toupre Lak Ontario ak nan tout Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa a pral ankouraje kapasite Irondequoit pou reziste ak dlo wo yo ki vini pi plis regilye, nan ede sekouris New York yo pandan ijans yo sou lak la ak motive navigatè rekreyatif yo ki fè kontribisyon enpòtan nan ekonomi rejyonal la."

"Kominote bò dlo yo nan tout Lak Ontario a te fè fas ak gwo defi nan ane resan yo, men Eta New York ap montre chemen an pou ede yo rebati pi byen, pi entèlijan ak plis rezilyan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Bè Irondequoit (Irondequoit Bay) se yon pozisyon prensipal pou navigasyon rekreyatif nan zòn Greater Rochester a epi lansman jodi a nan Pak Maren Eta Bè Irondequoit la pral pwoteje kont menas ogmantasyon dlo yo epi asire ke li rete yon kote pou amizman pou jenerasyon alavni yo."

Anplis ke li ap elve espas paking lan ak lansman bato a, pwojè a pral gen ladan waf pwovizwa anplis, yon teren jwèt, yon waf pou lapèch ki aksesib dapre Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap (American with Disabilities Act) yo, ak yon paviyon rekreyatif.

Vil Irondequoit la ap lanse tou yon pwojè toupre a pou amelyore egou drenaj dlo lapli yo nan tout Culver Road, ki se pòtay Pak Maren Eta Bè Irondequoit ak plizyè biznis enpòtan. Yo konsevwa investisman 500,000 dola sa a pou diminye inondasyon nan wout yo ak redwi potansyèl pou yon fèmte wout pandan evènman dlo wo yo, ki esansyèl pou rete ouvè pou sèvis ijans yo ak aksè nan etablisman lokal nan zòn yo.

Pwojè sa a pral ede diminye enpak devastatè inondasyon yo nan modifye egou dlo lapli akyèl yo nan tout Culver Road la, nan enstale nouvo vav verifikasyon epi kreye koneksyon pèmanan yo pou ponp dlo tanporè yo, jan sa nesèsè. Anplis de mezi sa yo, pwojè a vize dirije dlo inondasyon yo lwen kay yo nan zòn lan pou prevni inondasyon kay rezidansyèl yo.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Gras ak Gouvènè Cuomo ak REDI a, Pak Maren Eta Bè Irondequoit lan pral emèje pi byen pou li kapab reziste ak peryòd dlo wo yo alavni nan lak la pandan ane ki ap vini yo".

**Komisè DEC la ak Prezidan REDI a, Basil Seggos te deklare,** "DEC ap travay depre avèk kominote yo nan tout bò rivaj Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan depi nan kòmansman, nan ede pwoteje kay yo, biznis yo, ak resous minisipal enpòtan yo tankou pak yo, enfrastrikti dlo, ak wout yo kont domaj dlo wo ki bat rekò yo lakòz an 2019. Pwojè a ke yo anonse jodi a pral amelyore rezilyans Pak Maren Eta Bè Irondequoit pandan jenerasyon ki ap vini yo epi li se yon testaman angajman kontini pou rebati kominote bò rivaj nou yo pi byen ak pi entèlijan".

**Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Atravè travay nou an nan kad Komisyon REDI Gouvènè Cuomo a, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la ap asire sekirite rezidan ak biznis yo nan tout bò rivaj sidès Lak Ontario yo, yon kominote alafwa, pandan li ap ogmante tou rezilyans epi rebati pi byen avèk chak pwojè. Pwojè sa a pou amelyore drenaj dlo lapli yo pral diminye inondasyon alavni ak pwomouvwa dirabilite dekwa pou Vil Irondequoit, avèk plaj, pò ak peyizaj enpresyonan li yo, kontinye rete yon destinasyon lete mèveye pou plizyè milye moun amize yo, chak ane".

**Ko-Prezidan REDI ak Komisè Pwovizwa Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development (ESD) lan, Eric Gertler, te deklare,** "Bote ak richès Lak Ontario a atire vizitè yo nan tout monn lan, pandan kominote avwazinan yo depann de sipò ekonomik ke lapèch ak touris jenere. Lè nou restore ak rebati espas tankou Pak Maren Bè Irondequoit la pou reziste evènman inondasyon alavni yo, nou ap ede kominote bò rivaj yo ki depann de Lak la rebati pi solid ak pi entèlijan pase jamè oparavan".

Bè Irondequoit twouve li nan 8 kilomèt nan nòdès Rochester epi li devèse nan Lak Ontario. Pak Maren Eta Bè Irondequoit la ki mezire 17,80 ekta twouve li nan nòdwès bò rivaj la toupre Culver Road ak Sea Breeze Drive. Pandan dènye deseni an, te genyen plis pase 400,000 vizitè nan pak la, ke vil Irondequoit ap jere ak mentni.

Gouvènè Cuomo te lanse pwogram REDI a an me 2019, ane aprè dlo wo ki etabli rekò te frape Lak Ontario an 2017 ak an 2019, sa ki lakòz domaj nan tout enfrastrikti bò rivaj la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola pou rebati bò rivaj yo, epi tou amelyore rezilyans nan rejyon ki ekspoze ak inondasyon yo nan tout lak la avèk pwojè ke Kominote Planifikasyon Rejyonal Komisyon REDI (REDI Commission Regional Planning Committees) a te idantifye.

**Manm Kongrè Joe Morelle te deklare,** "Kominote nou an konnen twò byen kijan inondasyon kapab destriktè ak boulvèsan pou pwopriyetè kay ak biznis yo nan tout bò rivaj lak la. Nou konnen ke nou dwe pran mezi enpòtan pou prepare pou lavni, se pou sa jodi a nou ap lanse yon plan pwoaktif pou repare domaj ak diminye enpak katastwòf alavni yo. Mwen rekonesan ak Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan kad Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik lan ak angajman li pou kenbe kominote bò rivaj nou yo solid pandan deseni ki ap vini yo".

**Senatè Rich Funke te deklare,** "Mwen te temwen pèsònèlman enpak devastatè inondasyon yo nan tout pak Maren Eta Bè Irondequoit la, epi mwen rekonesan ak Komisyon REDI a dèske li adre li. Amelyorasyon yo ap fè yo pa pral sèlman repare domaj nan zòn paking lan men tou yo pral adrese enpak nivo dlo ki ap ogmante yo alavni".

**Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare,** "Kòm yon rezidan Irondequoit pandan lontan, mwen te wè pèsònèlman enpak ke evènman inondasyon 2017 ak 2019 yo te genyen sou bò rivaj yo, biznis yo ak sekouris yo. Investisman sa a pral amelyore anpil aksè nan Bè Irondequoit ak Lak Ontario a, sa ki jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi lokal nou an ak nan tout kominote nou an. Mwen rejwenn patenè mwen yo nan gouvènman an pou nou remèsye Gouvènè Cuomo ak Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik Lak Ontario a pou angajman li nan restore ak amelyore Pak Maren Eta Bè Irondequoit la epi dèske li te koute bezwen rezidan, biznis yo ak sekouris nou yo".

**Prezidan Lejislati Konte St. Lawrence lan, Joseph Carbone, te deklare,** "Kominote nou an rekonesan pou amelyorasyon ke yo ap fè atravè pwogram REDI a nan Pak Maren Eta Bè Irondequoit la. Nan ane resan yo, bò rivaj nou an te afekte seryezman anba nivo dlo wo yo nan Lak Ontario a. Rekonstriksyon enfrastrikti pou amelyore izaj kontini atravè ane a, ansanm ak nouvo karakteristik rekreyatif Pak la, pral sèvi rezidan ak vizitè yo nan Vil Irondequoit".

**Sipèvizè Komin Irondequoit la David Seeley te deklare,** "Menm jan ak istwa li a, avni Irondequoit pral defini gras ak peyizaj natirèl nou an ak kapasite nou pou devlope resous inik sa a pou avantaj rezidan nou yo, biznis nou yo, ak tout kominote nou yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, Manm Kongrè Morelle ak delegasyon Eta nou an dèske yo te rekonèt potansyèl transfòmè matè pwojè sa a pou entegre enfrastrikti, devlopman komèsyal ak opontinite pou rekreyasyon yo. Investisman estratejik 2.67 milyon dola sa a pral bay rannman pandan ane ki ap vini yo, epi mwen pa ka tann patenarya kontini nou an pou nou amelyore lavi chak fanmi ki rele Irondequoit lakay yo".

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov), konekte sou [Facebook](https://www.facebook.com/nysparks), oswa swiv nou sou [Twitter](https://twitter.com/nysparks). Aplikasyon mobil Parks Explorer Eta New York la disponib pou aparèy iOS ak Android yo. Pou telechaje, vizite: [Google Play Store](https://play.google.com/store/apps/details?id=com.nysparksexplorer), [NY State Parks Explorer App](https://apps.apple.com/us/app/nys-parks-explorer/id1441111111) oswa [Apple Store](https://www.apple.com/ny-state-parks-explorer/), [NY State Parks Explorer App](https://www.apple.com/ny-state-parks-explorer/).

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)